# MEKTEPKE SHEKEMGI BILIMLENDIRIW SHÓLKEMLERINDE BALALARǴA QURIW-JASAW ISKERLIGI ÚYRETIW

***Jumaniyazova Z.R.***
*Nukus innovatsion instituti*
*Maktabgacha va boshlangich ta'lim kafedrasi, v.b.dotsenti*

**Tayanch so'zlar:** maktabgacha ta'lim, o'rgatish, predmet, qurish va yasash, tasvirlash, tematika, erkin firklash, material.
**Ключевые слова:** дошкольное образование, обучение, предмет, построение, описание, тема, свободомыслие, материал.
**Key words:** preschool education, teaching, subject, construction, description, theme, freethinking, material.

**РЕЗЮМЕ:**
Maqolada maktabgacha ta'lim tashkilotlarida bolalarga qurish va yasash ishlarni o'rgatish yo'llari ifodalangan.
**РЕЗЮМЕ:**
В статье описаны способы обучения детей строительству и изготовлению работ в дошкольных образовательных учреждениях.
**SUMMARY:**
The article describes methods of teaching children construction and manufacturing in preschool educational institutions.

Quriw-jasaw latin tilinen alinǵan bolip, túrli predmetlerdi, bólim hám elementlerdi belgili bir halatqa keltiriw, degen mánisti bildiredi. Balalardi quriw-jasawinda qurilis materiallarinan, qaǵazdan, karton, terek hám basqa materiallardan har qiyli oyinshiqlar jasaw úyretiledi. Óz xarakterine kóre balalar quriw-jasawi kóbinese súwretlew hám oyin iskerligi menen uqsas-bul dógerek atirapta kórsetiledi. Balalardiń jasaǵan zatlari tiykarinan ámeliyatta isletiledi. Quriw-jasaw iskerligi-ámeliy iskerlik bolip, aldinnan belgilengen, qandayda bir maqsetke qaratilǵan real waqiya bolip esaplanadi. Quriw-jasaw iskerligine úyretiw barisinda balalarda aqiliy, ádep-ikramliliq, estetikaliq hám miynet tárbiya jánede qáliplesip baradi, hámde olarda dógerek-atiraptaǵi predmetlerdi talqilaw kónlikpesi, erkin pikirlew, kórkem sezim, shaxstiń kórkemlik

sipatlarinan (maqsetke umtiliw h.t.b…) payda bola baslaydi, bulardiń barliǵi balalardi mektepte oqiwǵa tayarlaydi.

Mektepke shekemgi jastaǵi balalardi hár tárepleme tárbiyalawda mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde qurilis materiallari járdeminde otkeriletuǵin oyin hám shınıǵıwlar úlken orin iyeleydi. Balalardiń qurilis oyinlari rollerge bólinip, oynalatuǵin oyinlardiń ajiralmas bir bólimi esaplanadi. Qurilis oyinlarinda da balalar dógerek atiraptaǵi zatlardi úlkenlerdiń iskerliklerin kórsetedi. Qurilis oyinlariniń mazmunin balalardiń ózleri jaratadi. Balalar kóbinese úlkenlerdiń qurilistaǵi jumislarina eliklep, «Quriwshi isshi» rolin atqaradi. Balalardiń qurilis oyinlari qiziqli dóretiwshilik iskerlik bolip tabiladi. Olar óz oyinlarinda qurilislardiń transport háreketi, úlkenlerdiń miyneti haqqindaǵi tásirlerin kóredi. Bunday oyinlar balalarda qiziǵiwshiliqti oyatiwǵa, olardi pikir juritiw hám háreket iskerliklerin aktivlestiriwge keń imkan jaratadi. 0yin waqtinda balalar bir–birleri menen hár qiyli munásibette boladi. Olar rollerdi ózara bolisip aladi, jumislardi orinlawda bir birlerine járdem beredi hám másláhátlesedi. Qurilis oyinlarinda háreket elementleri kop bolip, ol balalardiń háreket qiliwina qaraǵanda talaplarin qanaatlandiriwǵa járdem beredi. Bala qandayda bir zatti qurip baslaǵanda qurilis materiallarin tiyisli jerge alip baradi, olardi stol yamasa poldiń ustine jaylastiradi, bul waqitta oniń qollari aktiv háreket qiladi, yaǵniy belgili muǵdarda fizikaliq kush sariplaydi. Mayda qurilis materiallari menen oynaǵanda qoldiń mayda muskulleri jaqsi rawajlanadi. Qurilis oyinlarin oynaw nátiyjesinde balalardiń guzetiwsheńligi artadi, texnikaǵa bolǵan qiziǵiwshiliqlari artip baradi. Bunnan tisqari olar oyin barisinda ápiwayi geometriyaliq ápiwayi dúzilisi menen de tanisadi. Qurilis oyinlariniń tárbiyaliq tásiri balalar kóretuǵin hádiyse hám zatlardiń ideyaliq mazmuni óz kórininsin tabadi.

Qurilis materialari járdeminde otkeriletuǵin oyinlar bolsa balalardiń oylawin, dóretiwshilik qabiliyerin ósiredi. Tárbiyashiniń kórsetken zatin este saqlap qaliw hám oni qayta eske saliw balalardiń zatlardi bir–birine salistiriwǵa, uqsasin tawip qoyiwǵa hám parqin ajirata biliwge májbur qiladi hám qurilistaǵi waziypalardi shala orinlamawǵa, tosinnan juwmaq shiǵarmay, bálkim maqsetke muwapiq jol tutiwǵa úyretedi.

Balalar bilimini tematikaliq ráwishte qurilis oyinlari tek ǵana dógerek–átirapti bilip aliw qurali ǵana bolip qalmay, bálkim ádep-ikramliliq sipatlarin tárbiyalawshi qural bolip ta esaplanadi. Balalar tikkeley gúzetip atirǵan qurilistaǵi konkret misallar balalardiń óz miynetin qayshelik suyiwin túsiniwlerine járdem beredi. Qurilis oyinlari arqali tárbiyashi balalarda miynetsuyiwshilik, erkinlik, óz jumisina juwapkershilik seziminde tárbiyalap bariwǵa háreket

etedi. Balalar jamaatin duris shólkemlestiriwde qurilis materiallari menen otkeriletuǵin oyin hám shınıǵıwlar úlken áhmiyetke iye. Qurilis materiallari menen otkeriletuǵin oyin hám shınıǵıwlar balalardi mektepke tayarlaw jumisin ámelge asiriwda járdem beredi. Oyin hám shınıǵıwlar barisinda balalarda diqqatti bir jerge jámlep, aldina qoyǵan maqsetke erisiw, alǵan bilimi hám uqibi tiykarinda dóretiwshilikti kórsetiw ózgeshelikleri qáliplesip baradi. Qurilis haqqindaǵi tiykarǵi bilimdi balalar quriw–jasaw shınıǵıwinda iyeleydi. Áne usi shınıǵıwlarda olar zatlardiń elementar kórinislerin, qurilis bólimlerinen maqsetke muwapiq paydalana aliwdi úyrenedi hám qurilisdi kórkemlep bezewdiń ápiwayi usullarin ózlestirip aladi.

Mektepke shekemgi jastaǵi balalar quriw-jasawǵa bir neshe bar zatlardi ornina quriwǵa urinadi, olar tek ǵana qurilis toplamlarindaǵi materiallardi tegis tárepi menen qoyip terip shiǵadi yamasa bir-biriniń ustine qoyadi. Tárbiyashi balalardi hár túrli zatlar quriwǵa úyretken bolsa, kishkene jastaǵi balalardiń qurilis oyinlarinda ol óz kórininsin tabadi. Qurilis materiallari menen otkeriletuǵin oyin hám shınıǵıwlar ushın zarur imkan jaratap, balalar quriw texnikasin jaqsi ózlestirip aliwlari ushın toparlarda zárur shárt- sharayatlardi jaratiw lazim. Buniń ushın dáslep toparda jeterli muǵdarda qurilis materiallari boliwi, yaǵniy barliq balalar bir waqitta yamasa topardiń yarimi shuǵillanatuǵin dárejede material boliwi zárur. Ulgige qarap quriw shınıǵıwinda da balalardi materialdan sheklep qoymay, bálkim hár kimge keregin bólistirip beriw lazim. Materiallardi barqulla zárur bolǵanin alip islete biliwdi úyrensin. Balalar quriw-jasaw uqipliliqlarin endi ǵana iyeley baslaǵanlarinda, yaǵniy ekinshi kishkene topardan baslap quriw shınıǵıwlarin ótiwge ruxsat beriledi. Shınıǵıwlarda quriw-jasawǵa úyretiw ushın stol ustinde oynalatuǵin qurilis toplaminan paydalanǵan máqul, sebebi bul qurilis materiallari bir waqittiń ózinde kópshilik balalar qurip oynaw ushın iri qurilis materiallarinan paydalaniladi. Bul materiallar balalardi kópshilik bolip quriwǵa, oynawǵa úyretedi. Topardaǵi balalardiń barliq quriw usullarin jaqsi ózlestirip aliwlari ushın shınıǵıw waqtinda stollardi hár qiyli etip jaylastiriw múmkin.

Qurilisti jeke orinlap atirǵanda stollardi ádettegi tártipte yamasa P háribi formasinda terip qoyiw múmkin, eger balalar bir qurilisti topar bolip orinlasa, 2-3 stoldi birlestirip qatar etip qoyiw kerek. Shınıǵıw waqtinda balalarǵa qurilistiń eń zárur usullari kórsetiledi, Soniń ushın shınıǵıw uzaq sozilmawi (10-12 minuttan aspawi) kerek. Quriw-jasaw shınıǵıwlarin oyinlar menen shegaralansa da boladi. Balalardi quriw-jasawdib' barliq usullarin kórsetiwden ibarat. Qurilisti quriwda quriw-jasawdiń barliq usullarin kórsetiw hám háreket penen tusindiriw, tayar qurilǵan nusqasin kórsetiw hám ogan kiretuǵin

elementlerdi kórsetiwden ibarat. Úlgi sipatinda qurilis materiallarinan neler jasaw múmkinligin kórsetiwshi tayar qurilistan paydalaniw. Balalar bina, imaratti quriwdi bilip aliwlari ushın (biyik fundamenttiń ústine qanday jasiriw, bir bólimdi qanday qilip basqasi menen almastiriw, tegislikti qanday keńeytiw hám sol siyaqlilar) qurilistiń ayirim bólimlerin kórsetiw. Tárbiyashi tárepinen orinlanip atirǵan qurilistiń ay'rim bólimin dawam ettiriwdi balalarǵa usinis qiliw. Qurilatuǵin ob`ekt haqqinda túsinika beriw, máselen, qurilistiń kólemin (úlken-kishkeneligin) aniqlaw, bunda qurilistiń oyinshiqlarǵa mas boliwin aytiw. Balalardi ózleri dóretiwshilik etip quriwǵa úyretiw ushın zárur sharayatlar hám materiallar menen támiyinlengen boliwi kerek.

**Ádebiyatlar:**


1. Maktabgacha ta'limga qo'yiladigan davlat talablari. T.: 2017.
2. "Ilk qadam"davlat o'quv dasturi O'zbekiston Respublikasi Maktabgacha ta'lim vazirligining 2018-yil 7-iyuldagi 4-sonli hay'atyig'ilishi qarori bilan tasdiqlangan va nashr etilgan dasturi.
3. Amirova. G.A., Sulaymonov A.P., Djurayeva B .R. Maktabgacha ta'lim muassasalarda applikatsiya mashg'ulotlari. T., 2014.
4. D.T Sabirova. Maktabgacha yoshdagi bolalarda tasviriy savodxonlik elementlarini shakllantirish. (13.00.01.-Pedagogika nazariyasi va tarixi ixtisosligi bo'yicha yozilgan dissertatsiyaning avtoreferati). T.2007.
5. Ishmuxamedov R.J., Yuldashev M. Ta'lim va tarbiyada innovatsion pedagogik texnologiyalar.T.: "Nihol" nashriyoti, 2013, 2016.
6. Ilk va maktabgacha yoshdagi bolalalar rivojlanishiga qo'yiladigan davlat talablari. Toshkent 2018 yil (Maktabgacha ta"lim vazirligi)
7. Mamirova Z.U., Niyozova G.B. "Maktabgacha ta'lim tashkilotlarida bolalarni tasviriy faoliyat mashg'ulotlarida ijodiy qobiliyatlarini shakllantirish" Science and Education" Scientific Journal January 2021 / Volume 2 Issue 1.